

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Seni Sunda mangrupa unsur budaya Sunda nu jadi média penting pikeun méré gambaran visual ngeunaan kahirupan masarakatna. Dina wujud kasenian saenyana nyangkaruk ajén-ajén historis, éstétis, pilosofis, jsté., anu gedé mangpaatna pikeun kahirupan komunitasna. Seni bisa jadi basa nu *universal* pikeun komunikasi antar-bangsa, antar-étnis, malah antar-pribadi manusa salaku mahluk sosial, sanajan béda-béda kasang tukang tempat, waktu, jeung kahirupanana.

Salah sahiji kasenian tradisional Sunda nu méh kaluli-luli téh di antarana *karinding kawung*. Ieu kasenian nu sakaligus ngaran waditra (alat kasenian) Sunda téh, sanajan masih kénéh aya, tapi saeutik pisan urang Sunda anu apal komo bari jeung bisa nyieun atawa ngagunakeunana. Ku lantaran kitu, ieu panalungtikan eusina medar perkara karinding (hususna karinding kawung), dideudeul ku dasar-dasar pangaweruh anu tangtu pikeun ngungkab jeung napsirkeun ajén-inajén nu nyangkaruk di jerona.

Tina hasil panalungtikan, bisa dicindekkeun yén ieu kasenian téh masih aya, ngan hanjakal hirup-huripna kurang dipaliré, matak pikahariwangeun, lantaran méh euweuh generasi anu nuluykeunana. Saupama kondisi ieu diantep, teu gancang-gancang diayakeun tarékah pikeun régenerasi, dina waktu anu moal

lila sabada tokoh-tokohna (nu ayeuna geus karolot) maraot, kasenian karinding di Cinéam téh bakal tumpur, kari ngaranna.

Beuki kurangna anu ngamumulé seni karinding, sajalan jeung beuki nguranganana tangkal kawung, utamana kawung saéran, anu palapahna jadi bahan utama waditra karinding. Padahal tina hasil panalungtikan, di wilayah kacamatan Cinéam, hususna di tilu désa nya éta, Cikondang, Pasirmukti, jeung Cisarua, baheula mah tangkal kawung téh ngageba. Ieu hal dibuktikeun ku kasohorna *gula gunung* nepi ka kiwari, sanajan beuki dieu beuki langka nepi ka pasar kacamatan Cinéam, nu jadi puseur ngumpulna hasil bumi ti wewengkon désa-désa di wilayah kacamatan Cinéam.

Langkana anu bisa nyieun karinding tina kawung, kacida gedé pangaruhna kana kamekaran ieu kasenian. Dina waktuna ieu panalungtikan dilaksanakeun, urang Cinéam nu biasa sarta parigel nyieun karinding téh ngan kari tilu urang deui, nya éta Koha (81tn), Mamat (58), jeung Tata (42 tn) minangka generasi panggorana.

Kamekaran seni karinding kawung di Cinéam anu dianggap daérah asalna, upama dipapandékeun kana kahirupan mah ibarat babasan *hirup teu neut paéh teu hos*. Masarakat Cinéam sorangan, beuki dieu beuki saeutik anu nyaho, yén di wewengkon Cinéam dina mangsa-mangsa ka tukang kungsi nanjung hiji kasenian buhun nu disebut *karinding*.

Najan di puseur dayeuh (Bandung), jeung di sababaraha kabupatén di wewengkon Jawa Barat kiwari dug-deg grup kasenian karinding. Ditilik tina jihat

kuantitas mah mungkin waé bisa ngungkulan lobana grup kasenian karinding nu aya dina dekadeu saméméhna. Éta hal matak reugreug, lantaran seni karinding dipiwanoah deui ku sabagéan masarakat. Tapi di sagigireun éta, perlu jadi bahan pamikiran, lantaran tina segi kualitas seni nu némbongkeun identitas Sunda mah, masih kénéh perlu dibebenah. Salah sahiji contona, seni karinding nu kiwari manggung, lolobana dikolaburasikeun jeung alat-alat musik atawa waditra séjén anu teu ngimbangan kana sora karinding, anu antukna karinding mah ngan saukur jadi waditra pangeuyeub-euyeub, numpang ngaran alatan kaahénganana.

Penurunan kualitas dina kamekaran karinding, ogé katitén tina waditra karindingna sorangan. Penampilan luar karinding (bentukna) jadi leuwih penting batan sora nu dihasilkeunana. Ku lantaran bahan karinding tina palapah kawung mimiti hésé, karinding leuwih loba nu dijieun tina awi, padahal karinding nu salila ieu dipikawanoh ku urang Sunda mah dijieunna tina palapah kawung. Akibatna, dina pintonan ogé karinding téh asal disada waé. Teu kudu anéh upama aprésiator teu bisa ngabédakeun, kumaha sora karinding dina lagu nu hiji jeung sora karinding dina lagu nu séjénna.

Lalaguan karinding anu némbongkeun jati diri karinding salaku alat *ritmis* sakaligus *melodis*, saperti lagu *Dengkleung*, *Nanyaan*, *Ungkut-ungkut Nyandung*, *Jungjae*, *jsté.*, beuki kapopohokeun, langka pisan anu bisa midangkeunana. Padahal pikeun midangkeun lalaguan anu sipatna mélodis, perlu kaparigelan husus, anu dihasilkeun tina latihan (diajar nabeuh karinding) ngolah *elok bangkong* (rohangan baham jeung tikoro) enggoning ngahasilkeun nada (sora anu béda-béda). Lamun seug diulik kalawan daria ku (nu ngaku) seniman karinding

ayeuna, teu mustahil bakan leuwih ningkatkeun ajén ieu kasenian malah mandar leuwih mekar, nanjeur, jeung nanjung jiga baheula.

Tina ieu panalungtikan, saeutikna kaguar ajén-inajén nu nyangkaruk dina karinding boh salaku waditra (alat karawitan) boh salaku wangun kasenian. Karinding salaku artéfact budaya hasil kréatifitas masarakat primordial Sunda, ngandung ajén éstétis, historis, jeung pilosofis anu luhung, copélna keur kapentingan masarakat nu jadi tempat gelar jeung mekarna éta waditra.

## 5.2 Saran

Perkara kamekaran seni tradisional di hiji wewengkon, pasti loba rambat kamaléna. Hasil ieu panalungtikan, nuduhkeun ayana dua hal anu pagedrug dina diri seniman *karinding* dina mangsa kiwari. Mindeng jadi alesan anu klasik antara ngamumulé seni warisan jeung ngungkulan pangabutuh hirup (kasab). Ku lantaran kitu, disagigireun dukungan ti masarakatna, ogé perlu pisan ayana pangrojong ti pihak pamaréntah anu berwenang, dina raraga merhatikeun kasajahtraan parapalaku seni tradisional, hususna seniman karinding nu aya di Kacamatan Cinéam, Kabupatén Tasikmalaya.

Ieu laporan hasil panalungtikan téh kacida basajanna, mungkin waé tacan nyumponan harepan saméméhna . Ku kituna, kacida bungahna upama aya deui panalungtikan séjén ngeunaan seni tradisional karinding, nu leuwih sampurna, sarta pedaranana leuwih jembar, enggoning ngungkab jeung némbongkeun *identitas* Sunda anu saenyana. Sok sanajan kitu, ieu hasil panalungtikan bisa waé dijadikeun tatapakan pikeun panalungtikan nu bakal datang, dina raraga maluruh

aspék-aspék séjén tina seni karinding, anu tacan kaungkab jeung kaguar ku panalungtik saméméhna.

Pikeun kapentingan pangajaran basa Sunda di sakola, saeutikna ieu hasil panalungtikan bisa ngeuyeuban *referensi* bahan ajar atawa bahan acuan, dina waktu medar perkara basa jeung sastra, nu aya patalina jeung budaya, hususna seni tradisional nu aya di tatar Sunda (Jawa Barat jeung Banten).

Dina pedaran ieu hasil panalungtikan aya dongéng ‘Sasakala Karinding’. Di sagigireun pikeun ngeuyeuban khasanah dongéng Sunda, bisa dijadikeun bahan bacaan ku siswa tingkat SMP atawa SMA, dina waktu ngulik perkara dongéng Sunda (sastra lisan) nu sumebar di masarakat, sakalian ngawanohkeun *karinding* minangka waditra karawitan Sunda (warisan budaya Sunda).